

**PENILAIAN TENGAH SEMESTER II SEKOLAH DASAR
TAHUN PELAJARAN 2020/2021**

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa

Hari, tanggal : Jumat, 5 Maret 2021

Kelas : V (Lima)

Waktu : 90 menit

I. Wenehana tanda ping (x) ana aksara a, b, c, utawa d kanggo wangsulane kang bener ana ing lembar wangsulane!

1. Kang kalebu tembang macapat yaiku
 - a. Bengawan Solo
 - b. Ilir-ilir
 - c. Jaranan
 - d. Pangkur
 2. Tembang macapat nduweni teges maca papat-papat, yaiku macane saben patang
 - a. gatra
 - b. wanda
 - c. lagu
 - d. pada
 3. Tembang macapat kaiket ing wewaton. Ing ngisor iki wewaton tembang macapat, **kajaba**
 - a. guru gatra
 - b. guru wanda
 - c. guru lagu
 - d. guru wilangan
 4. Cacahing wanda saben sagatra diarani
 - a. guru gatra
 - b. guru wanda
 - c. guru lagu
 - d. guru wilangan
- Gatekna tembang Pangkur ing ngisor iki!*
Kanggo soal nomer 5 – 13!
- Pangkur
- Mingkar-mingkuring angkara
Akarana karenan mardhi siwi
Sinawung resmining kidung
Sinuba sinukarta
Mrih kretarta pakartining ilmu luhung
Kang tumrap ing tanah Jawa
Agama ageming aji
5. Tembang Pangkur cocok kanggo ngandharake pitutur luhur ngenani
 - a. kahanan perang
 - b. geguyonan
 - c. kahanan apa wae
 - d. asmara
 6. Tembang Pangkur ing ndhuwur ana ... pada.
 - a. siji
 - b. loro
 - c. telu
 - d. papat
 7. Tembang Pangkur sapada ana ... gatra
 - a. 5
 - b. 6
 - c. 7
 - d. 8
 8. Guru wilangan lan guru lagu tembang pangkur yaiku
 - a. 8i, 11i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i
 - b. 8a, 11i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i
 - c. 8u, 11u, 8a, 7a, 12u, 8a, 8i
 - d. 8u, 11i, 8a, 7a, 12u, 8a, 8i
 9. Mingkar mingkuring angkara. Tembung angkara tegese
 - a. nafsu ala
 - b. tumindak becik
 - c. geguyonan
 - d. gawe bubrah
 10. Tembang pangkur nduweni watak
 - a. seneng
 - b. sregep
 - c. sereng
 - d. meneng
 11. Guru gatra tembang Pangkur ana
 - a. 7
 - b. 8
 - c. 9
 - d. 10
 12. Guru wilangan gatra kepatat tembang Pangkur yaiku
 - a. 7
 - b. 8
 - c. 9
 - d. 10
 13. Guru lagu gatra kaping enem tembang Pangkur ing ndhuwur yaiku
 - a. o
 - b. e
 - c. i
 - d. a
 14. Geguritan nduweni ciri-ciri utawa titikan kaya ing ngisor iki, **kajaba**
 - a. nduweni guru lagu, guru wilangan, lan guru gatra
 - b. guru lagune kaiket karo paugeran
 - c. kabeh gatra diarani isi
 - d. cacahing gatra ora ajeg
 15. Cendak dhuwure nada utawa keras lemahe swara iku jenenge

- a. wirama
 - b. wiraga
 - c. wirasa
 - d. wicara
16. Saben sapada geguritan, dumadi saka siji
- a. tema
 - b. gagasan
 - c. gagasan pokok
 - d. gagasan tambahan
17. Salah sijine jenis karangan sastra Jawa sing dikarang kanthi nengenake rasa kaendahan diarani
- a. sun geguritan
 - b. sun ing gegurit
 - c. sun gegurit
 - d. geguritan
18. Puisi jawa modern uga diarani
- a. sun geguritan
 - b. sun ing gegurit
 - c. sun gegurit
 - d. geguritan
19. Jaman biyen nalika nulis puisi, para penyair Jawa tansah migunakake tembung
- a. sun geguritan
 - b. sun ing gegurit
 - c. sun gegurit
 - d. sung ing geguritan
20. Ing ngisor iki kalebu unsur fisik geguritan, **kajaba**
- a. amanat
 - b. diksi
 - c. citraan
 - d. majelis
21. Cita dumadine sawijine panggonan arane
- a. fabel
 - b. legenda
 - c. mite
 - d. sage
22. Ing ngisor iki sing **ora kalebu** cita legenda, yaiku
- a. Asal-usul Rawa Pening
 - b. Asal-usul Desa Grantung
 - c. Rara Jonggrang
 - d. Nyai Roro Kidul
23. Legenda iku durung karuwan dumadi tenan apa ora, nanging papan panggonan sing dicritakake wis mesthi
- a. ana tenan
 - b. durung ana
 - c. mung reka-reka
 - d. kadang ana kadang ora
24. Ing ngisor iki sing **ora kalebu** bab sing kudu digatekake nalika nyritakake isi legenda, yaiku
- a. penjiwaan marang isi crita
 - b. swara entuk seru entuk rindik wae
 - c. intonasi kudu trep
 - d. isi crita kudu komplit, ora kena dikurangi
25. Sing **ora kalebu** bab kang kudu digatekake nalika ngringkes legenda yaiku
- a. mangerteni crita asline
 - b. nulisake ukara-ukara sing penting. dene ukara sing ora penting dibuwang
 - c. isi ringkesan kudu dawa
 - d. urutan utawa alure kudu padha karo crita asline
26. Legenda sing asale saka Jawa barat, yaiku
- a. Malin Kundang
 - b. Rara Jonggrang
 - c. Rawa Pening
 - d. sangkuriang
27. Cita Kedadeane Gunung Tangkuban Perahu kalebu jenise crita
- a. sage
 - b. legenda
 - c. mite
 - d. fabel

Legenda kanggo mangsuli soal no. 28-35.

Legenda Candi Prambanan

Ing jaman biyen ana kerajaan gedhe sing jenenge Prambanan. Rakyat Prambanan iku ayem lan tentrem sing dipimpin karo Prabu Baka. Nanging kerajaan Prambanan diserang karo kerajaan Pengging. Prabu Baka lan pasukane kalah amarga kurang persiapane. Prabu Baka lan pasukane mati amarga kena karo senjatane Bandung Bandowoso. Kerajaan Pengging lan pasukane seneng amarga isa naklukna kerajaan Prambanan.

Sawise Bandung Bandowoso ing kerajaan Prambanan, dheweke ndelok putri sing ayu banget. Putri iku jenenge Roro Jonggrang, putri Prabu Baka. Langsung Bandung Bandowoso nglamar Roro Jonggrang. Roro Jonggrang gelem dadi permaisurine, nanging ana syarate. Yaiku Gawe 1.000 candi sakwengi kudu dadi.

Ing wayah bengi, Bandung Bandowoso ngumpulna anak buahe yaiku jin lan setan langsung nggarap sing diperintahake karo Bandung Bandowoso. Roro Jonggrang nyekseni tandang gawene Bandung Bandowoso. Roro Jonggrang wedi menawa Bandung Bandowoso isa nggarap panjaluke. Roro Jonggrang langsung ngumpulna dayang-dayange.

Roro Jonggrang mau ngongkon dayang-dayange mbakar dami, ngunekake lesung lan naburne bunga sing wangi. Jin lan setan mau wedi dikiro wis esuk. Jin lan setan langsung lunga

bali. Nanging asline kuwi mung akal-akalane Roro Jonggrang supaya Bandung Bondowoso ora bisa nggenepi 1.000 candi. Candine iku wis ana 999, lan mung kurang 1.

Ing pungkasane, Bandung Bondowoso ngerti akal-akalane Roro Jonggrang lan nesu banget. Dheweke langsung ngesabda Roro Jonggrang supaya dadi patung lan ngganepi 1000 candi.

28. Irah-irahane crita ing ndhuwur yaiku
- a. Legenda Candi Borobudur
 - b. Legenda Rawa Pening
 - c. Legenda Candi Prambanan
 - d. Legenda Sangkuriang
29. Kerajaan Prambanan diserang karo kerajaan
- a. Majapahit
 - b. Mataram
 - c. Singasari
 - d. Pengging
30. Prabu Boko lan Pasukane pada mati amargo kena senjatane
- a. Roro Jonggrang
 - b. Dayang-dayang
 - c. Jin lan setan
 - d. Bandung Bondowoso
31. Roro Jonggrang Putri Prabu
- a. Bandung Bondowoso
 - b. Baka
 - c. Siliwangi
 - d. Minakjinggo
32. Panjalukane Roro Jonggrang yaiku gawe candi ... sewengi kudu dadi.
- a. satu
 - b. limangatus
 - c. sewu
 - d. sewu limangatus
33. Ing wayah bengi, Bandung Bondowoso ngumpulake anak buahe, yaiku
- a. dayang-dayang
 - b. Prabu Boko lan pasukane
 - c. rakyat
 - d. jin lan setan
34. Bandung Bondowoso nesu banget amarga
- a. ngerti akal-akalane Roro Jonggrang
 - b. Roro Jonggrang ayu
 - c. Roro Jonggrang ora gelem dadi permaisuri
 - d. Roro Jonggrang njaluk sewu candi kudu dadi sakwengi
35. Bandung Bondowoso ngesabda Roro Jonggrang dadi
- a. gunung
 - b. samodra
 - c. patung
 - d. mendhung

II. Isenana ceceg-ceceg ing ngisor iki kanthi pratitis ana ing lembar wangsulan!

36. Tembang macapat cacahé ana
37. Cacahing gatra saben sapada diarani
38. Karya sastra Jawa sing wujudé pada karo puisi diarani
39. Gagasan pokok kang diandharake dening penyair lumantar geguritane iku kalebu unsur intrinsik kang diarani
40. Pangripta geguritan bisa ngandharake pesen kang bakal dijlentrehake ing babagan
41. Nalika nyaritakake isi legenda, swara kudu
42. Jaman biyen, legenda dicritakake kanthi sarana
43. Ing jaman biyen ana kerajaan gedhé sing jenenge Prambanan. Rakyat ayem lan tentrem sing dipimpin karo
44. Putrine Prabu Baka yaiku
45. Ono ing crita legenda candi Prambanan, Roro Jonggrang disabda dadi

III. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi pratitis ana ing lembar wangsulan!

46. Apa sing diarani tembang macapat?
47. Apa tegesé geguritan?

Geguritan kanggo mangsuli pitakon No. 48.

Bocah Cilik Kae

Dening: Turiyo Ragil Putra

Bocah cilik sing nyapu latar kae

Sapa ngerti mbesuk tembe thukuk etare
Mabur dhuwur nganglang langit numpak mega-mega
Andom lelana sinambi menthaki lintang kartika

Bocah cilik kae isih bening jiwane
Isih suci lemah atine
Aja ditanduri jenu uawa senthe
Aja dibumboni basa utawa krawe

Bocah cilik kae
Togna menyang ngendi abur jiwane

48. Bait sing kesiji gawenen parafrase kanthi permati!
49. Terangna apa sing diarani legenda!
50. Tulisna tuladhane legenda sing kokngerteni!

---oOo---

KUNCI JAWABAN PTS 2 KELAS V (LIMA)
MATA PELAJARAN : BAHASA JAWA
TAHUN PELAJARAN : 2020/2021

I. PILIHAN GANDA

Soal No. 1-20 (Kd. 3.1). No. 20-35 (Kd. 3.2)

- | | | | |
|-------|-------|-------|-------|
| 1. D | 11. A | 21. B | 31. B |
| 2. B | 12. A | 22. D | 32. C |
| 3. B | 13. D | 23. A | 33. D |
| 4. D | 14. B | 24. B | 34. A |
| 5. A | 15. A | 25. C | 35. C |
| 6. A | 16. D | 26. D | |
| 7. C | 17. D | 27. B | |
| 8. B | 18. D | 28. C | |
| 9. A | 19. C | 29. D | |
| 10. C | 20. A | 30. D | |

II. ISIAN SINGKAT

Soal No. 36-40 (Kd. 3.1). No. 41-45 (3.2)

- | | |
|--------------------------|-----------------------|
| 36. sewelas | 41. seru |
| 37. guru gatra | 42. gethok tular |
| 38. geguritan | 43. Prabu Baka |
| 39. tema | 44. Roro Jonggrang |
| 40. amanat utawa pitutur | 45. Patung utawa Reca |

III. JAWAB SINGKAT

Soal No. 46-48 (Kd. 3.1). No. 49-50 (3.2)

46. Gagrak lawas kang dilagokake lan kaiket dening paugeran-paugeran tartamtu
47. - Salah sijine jenis karangan sastra Jawa sing dikarang kanthi nengenake rasa kaendahan (Utawa)
- Istilah nganggo nyebut karya sastra kang awujud puisi nganggo basa Jawa kang guru lagune utawa guru wilangan bebas ora ana aturane.

49. Dongeng kang gegandengan karo dumadine sawijining panggonan

$$\text{Nilai Akhir (NA)} = \frac{\text{Skor Perolehan}}{\text{Skor Maksimal}} \times 100$$